

## ABSTRAK

### **Neng Delisa (2026), Ketahanan Diri di Tengah Arus Globalisasi: Persepsi Peserta Didik Generasi Z Mengenai Pemahaman Terhadap Pendidikan Pancasila (Studi Deskriptif di SMAN 1 Margaasih).**

Panalungtingkeun ieu dilantarankeun ku gancangna kamekaran globalisasi anu mengaruhi pola pikir, paripolah, jeung kahirupan sosial peserta didik Generasi Z, hususna ngaliwatan kamajuan teknologi digital, internet, jeung media sosial. Arus globalisasi anu beuki gancang mere pangaruh positif dina wangun gampangna akses kana informasi jeung komunikasi, tapi oge nimbulkeun tantangan saperti nguranganana rasa paduli sosial, handapna sikep toleransi, paripolah individualis, sarta asupna budaya deungeun anu henteu salawasna saluyu jeung ajen-inajen Pancasila. Kaayaan eta jadi tantangan dina ngawangun karakter jeung katangguhan diri peserta didik, ku kituna Pendidikan Pancasila dipandang miboga peran anu penting dina ngabimbing peserta didik sangkan mampu nyanghareupan pangaruh globalisasi secara kritis, wijaksana, tur tanggung jawab. Panalungtikan ieu miboga tujuan ngadeskripsikeun pamahaman peserta didik kelas XI kana ajen-inajen Pancasila, persepsi ngeunaan peran Pendidikan Pancasila dina ngawangun katangguhan diri peserta didik, sarta implementasi ajen-inajen Pancasila dina kahirupan sapopoe di SMAN 1 Margaasih. Panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan metode deskriptif. Informan dina ieu panalungtikan ngawengku dua belas peserta didik kelas XI, tilu guru Pendidikan Pancasila, hiji Wakil Kepala Sekolah Bidang Kurikulum, jeung hiji Kepala Sekolah. Tehnik ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan observasi, wawancara, jeung studi dokumentasi, tuluy dianalisis ngagunakeun model Miles jeung Huberman. Hasil panalungtikan nuduhkeun yen pamahaman peserta didik kana ajen-inajen Pancasila rupa-rupa, mimitan ti pamahaman konseptual nepi ka palaksanaan dina kahirupan sapopoe. Pendidikan Pancasila dipandang miboga peran dina ngabantu peserta didik sangkan leuwih wijaksana dina nyanghareupan kamajuan teknologi, media sosial, jeung lingkungan pergaulan. Implementasi ajen-inajen Pancasila kaciri tina sikep toleransi, gotong royong, disiplin, tanggung jawab, sarta hubungan sosial anu hade, sanajan palaksanaanna can sapinuhna konsisten lantaran dipangaruhan ku lingkungan sosial, kamajuan teknologi, jeung arus globalisasi.

**Kecap Galeuh: Generasi Z, Globalisasi, Ketahanan Diri, Pendidikan Pancasila, Peserta Didik.**